



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK VIS PREZIDAN BIDEN ANONSE ETA NEW YORK ALATÈT PRESTIJYE ENSTITI MANIFAKTI FOTONIK ENTEGRE NASYONAL

\$110 Milyon Sibvansyon Federal – pami sa ki pi enpòtan ki pat janm fèt nan yon inivèsite piblik– Pou sipòte biznis wo-teknoloji ak Konsòsyòm Akademik ki baze nan Rochester epi itilize Kanpis Nanotek SUNY Polytechnic nan Albany

Investisman Total pou depase \$600 Milyon – Enkli plis pase \$250 Milyon Eta New York – Pou kreye ak sipòte plizyè milyon travay manifakti ak rechèch avanse nan Eta ak nan peyi a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te rejwenn Vis Prezidan Joe Biden pou anonse ke Depatman Defans New York te chwazi pou dirije yon Inovasyon prestije Manifakti pou Enstiti Fotonik Entegre plizyè-eta. Seleksyon an fè pati nan inisyativ Mezon Blanch pou garanti lidèchip global Etazini nan rechèch teknoloji kap emèje, delvopman, ak manifakti. Fotonik eksplwate pwisans limyè pou deplase done a pi gwo vitès, ak done rechèch nan nouvo Enstiti a pral entegre konpozan fotonik pou revolisyone plakèt òdinatè, fè yo vini pi rapid, pi piti, ak pi fyab avèk yon laj varyete aplikasyon, enkli teknoloji medikal, defans, telekominikasyon, entènèt ak teknoloji enfòmasyon.

Yo te bay yon sibvansyon \$110 milyon a SUNY Polytechnic-led “American Institute pou Manifakti Entegre Fotonik” pral sipòte konsòsyòm wo teknoloji avèk operasyon biznis, yon konpayi enkibatè ak akseleratè, fòmasyon mendèv, ak konsèy direktè ki baze nan Rochester. Investisman total piblik ak prive nan Enstiti Fotonik pral depase \$600 milyon, enkli plis pase \$250 milyon Eta New York pou ekipe, enstale, ak fè operasyonèl yon pwototip modèn. Travay enstiti a pral kreye epi sipòte plizyè milye djòb manifakti nan Upstate ak Etazini epi kondwi a gwo anvansman nan yon laj varyete aplikasyon pratik.

“New York te toujou yon lidè lè li kesyon pou panse gran osijè sa demen ap pote– e jodia nan Rochester, nap wè yon vizyon ki menm pi briyan sou kijan avni an pral ye,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Anons sa a se prèv ke sa ki pi bon an poko vini pou endistri wo teknoloji New York yo. Nou te chanje ekonomi nou an, nap fè investisman pou fè l kontinye pwogrese, e nouvo enstiti sa a se yon lòt egzant sou kijan Rochester se vizyon pou ekonomi demen an. Mwen remèsye Prezidan Barack Obama, Vis Prezidan

Joe Biden ak Sekretè Defans Ian Ash Carter paske li te rekonèt potansyèl New York epi rejwenn nou pou fè anons sa posib.”

Etabli premye konsòsyòm fotonik pral kreye yon New York ki alatèt ensfrazstrikti nasyonal ki lajman aksesib ak finansyèman otonòm. Li konsevwa pou evolye nan lavni; asire inovasyon baze sou nouvo teknoloji ki devlope nan Etazini. Operasyon adisyonèl yo pral baze sou Kanpis NanoTeknoloji SUNY Polytechnic Albany anplis de biznis yo ki loje nan Rochester, kondwi a atraksyon plizyè milye djòb wo teknoloji nan zòn Rochester ak nan upstate.

Prezidan ak PDG Enstiti SUNY Politeknik Dr. Alain E. Kaloyeros te deklare, “Daprè vizyon pyonye Gouvènè Andrew Cuomo ansanm avèk investisman ki sibile nan wo-teknoloji li kontinye fè nan Upstate, lè konpayi ak gouvènman yo ap chèche lidèchip sou inovasyon— yap gade New York. Sèlman Rochester ak Albany gen talan ak espesyalite pou mennen yon kalite konsòsyòm nasyonal rechèch konplèks ak pwometè. Avèk patnè nou yo nan peyi a e avèk sipò ak gid Gouvènè Cuomo ansanm avèk Depatman Defans, SUNY Poly pral ede nan aparasyon yon nouvo epòk dominan Ameriken nan rechèch, devlopman, ak manifakti teknoloji avanse.”

Enstiti Fotonik gen ladan plis pase 50 konpayi, 20 inivèsite, 33 kolèj kominotè, ak 16 òganizasyon non-pwofi nan 20 eta enkli California ak Massachusetts. Rechèch fotonik Avanse pral santre nan megaplèks nano-teknoloji SUNY Poly nan Albany, Etan ak Kanal SUNY Poly ak Teknoloji Entelijan ak Etablisman Komèsyalizasyon nan Rochester ak Canandaigua, Inivèsite Rochester, ansanm avèk Enstiti Teknoloji Rochester. Anplis de Depatman Defans, Enstiti a pral travay etwatman avèk patnè yo nan gouvènman, enkli Depatman Enèji ak Komès, NASA, ak Fondasyon Syans Nasyonal.

Nan fason pou ogmante kreyasyon travay ak kwasans ekonomik te gen yon gwo konsantrasyon sou rekrite ti biznis ak mwayèn biznis, ansanm avèk konpayi demaraj yo. Yo pral itilize resous egalman pou inisyativ fòmasyon mendèv avèk patnè konsòsyòm kolèj kominotè yo ansanm avèk lòt pwogram yo enkli K-12 pou ede reponn a demann kwasan nan fotonik ak karyè STEM abilite.

Dr. Michael Liehr, AIM PDG ak Vis Prezidan Egzekitif Inovasyon ak Teknoloji ak Vis Prezidan Rechèch SUNY Poly te deklare, “Anons jodia se yon temwayaj sou ekip eksepsyonèl endistriyèl ak lidè akademik yo ki reyini pa AIM Photonics ansanm avèk plan I pou etabli Etazini kòm yon lidè mondyal nan teknoloji sa kap parèt. Li te jwenn prim Enstiti Fotonik Entegre pou Inovasyon Manifakti pa tap posib san sipò enpòtan Gouvènè Andrew Cuomo, ki gen lidèchip pyonye nan etabli eko-sistèm wo teknoloji R&D Eta New York ki rekonèt mondyalman te pèmèt kwasans istorik ak ekonomik. SUNY Poly kontan dèske lap travay avèk patnè nou yo sou inisyativ sa a ki pral reyèlman yon transfòmasyon pou toulède endistri yo nan peyi a.”

Chanselye Inivèsite Eta New York Nancy L. Zimpher te deklare, “Katie jeneral yon sant fotonik plizyè eta nan vil Rochester se yon viktwa yonsèl fwa nan yon jenerasyon pou Eta New York e li se yon testaman nan kapasite SUNY pou avanse teknoloji modèn

ak ranfòse inovasyon. Nap rete tann pou n fè patenarya avèk kòlèg nou yo nan edikasyon siperyè, gouvènman, ak sektè prive a sou inisyativ sa a, ki pral asire ke etidyan ak pwofesè nou yo rete alavangad inovasyon nan New York ak toupatou nan peyi a.”

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Yon nouvo epòk nan teknoloji te kòmanse nan Rochester jodia. Lè nou konbine resous akademik ak rechèch University Rochester, Rochester Institute of Technology, ak SUNY Polytechnic Institute, avèk plizyè santèn konpayi fotonik New York; Rochester kounye a byen pozisyon pou dirije wout la nan endistri modèn sa a.”

Senatè Kirsten Gillibrand, manm Sena nan Komite Sèvis Lame, te deklare, “Envestisman sa a montre Rochester ak posibilite inik rejyon avwazinan an pou l yon sant nasyonal pou rechèch ak delvopman— youn ki pral kenbe peyi a nan pwent nouvo delvopman teknoloji ak manifakti avanse. Mwen te defann pwopozisyon sa yo paske mwen konnen ke elèv yo briyan nan zòn Rochester, chèche, pwofesè ak anseyan avèk yon mendèv ki depaman, te prime pou yon investisman tankou sa a e yo pral ede avanse peyi nou an alavangad nan domèn sa kap grandi. Nouvo Enstiti sa a pou New York pral asire ke nou gen opòtinite pou dirije wout la pou plis travay wo-teknoloji nan Upstate ak nan peyi a.”

Depite Louise Slaughter te deklare, “Mwen pat janm goumen di konsa e mwen pat kapab pi fyè pou pote enstiti manifakti sa a nan Rochester. Inovasyon ak travay enstiti sa a pral kreye ap chanje jwèt la pou Rochester ansanm avèk tout eta. Mwen ta renmen remèsye University Rochester, RIT, Majorite Lidè a Joe Morelle, Gouvènè Cuomo, ansanm avèk lidè endistri yo ki te kolabore avè m pandan plis pase twazan pou fè jou sa vini yon reyalite. Sa a se yon gwo viktwa ki pral fòme ekonomi rejyon nou an pou deseni kap vini yo.”

Depite Tom Reed te deklare, “Sa a se yon investisman inik nan yon jenerasyon ki pral kreye bon jan travay dirab pou fanmi yo, isit la lakay. Sa a se premye investisman apre pasaj lwa bi-patizan mwen an, Lwa sou Inovasyon ak Revitalizasyon Manifakti Ameriken (RAMI), sa ki fèt pou asire ke fabrikan Ameriken yo ka dirije chemen an mondyalman. Mwen sousye pou moun yo nan rejyon an e li sèlman jis ke nou ba yo pi bon chans posib pou reyisi pou jenerasyon kap vini yo. Mwen ta renmen remèsye Gwoup otorite eli bi-patizan yo pou travay yo nan pwojè fòmidad sa a, kòm lap montre, si nou travay ansanm, nou ka kontinye bay rezilta pou moun yo nan rejyon nou an ak Etazini.”

Lidè Majorite Asanble a Joseph Morelle te deklare, “Rejyon Finger Lakes ap transfòme devan zye nou an yon ekonomi inovasyon ki baze sou konesans kap atire alafwa rekonesans mondyal ak nasyonal. Envestisman enpòtan sa a pral pèmèt Rochester elaji wòl li kòm yon lidè nasyonal nan rechèch fotonik wo teknoloji ak delvopman, kiltive nouvo patenarya inove avèk envestisè yo, e finalman akselere kwasans travay nan rejyon an. Mwen remèsye Prezidan Obama, Vis Prezidan Biden, Gouvènè Cuomo ansanm avèk anpil patnè nan sektè prive ak piblik la paske yo te vini

ansanm an sipò pou asire yon avni ekonomik ki briyan pou Rochester ak rejyon avwazinan yo.”

Senatè Joe Robach te deklare, “Avèk vizyon ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Upstate ap vini yon lidè mondyal nan nouvo teknoloji, e anons jodia de yon premye sant rechèch federal nan kapasite sa se yon temwayaj de angajman sa. Nou onore pou n aksepte investisman sa yo, e nap rete tann pou n wè nouvo etablisman sa a ouvri pòt li ak kòmanse reyalize gwo bagay. Mèsi, Prezidan Obama ak Vis Prezidan Biden, paske nou te chwazi Rochester ak New York pou mennen chemen an nan devlope nouvo teknoloji sa a.”

Majistra Rochester Lovely Warren te deklare, “Mwen te chita nan Biwo Vis Prezidan Biden yon lane de sa lè li te di m ke li tap fè tout sa ki posib pou travay avèk Prezidan pou ede Rochester. Depi lè sa li te onore antyèman angajman sa a kòm prèv anons fotonik jodia. Yon anons ki pa tap posib san sipò enpòtan Gouvènè Cuomo, ki egalman angaje antyèman pou wè Rochester reyisi. Mwen reyèlman rekonesan pou travay avèk moun ki pasyone pou fè Rochester vini yon vil ki gen anpil opòtinite travay, katye ki ansekirite ak bon jan kalite lekòl pou chak nan rezidan li yo.”

Joel Seligman, Prezidan ak PDG University of Rochester te deklare, “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip ekstra-òdinè l, sipò epi paske li te ede konvoke konsòsyòm gayan an. Anons jodia se akimilasyon plizyè ane efò ak defans, men li pa tap posib san angajman Gouvènè a. Lè nou etabli katye jeneral nan Rochester, nou pral episant mondyal fotonik, asire konpetisyon Etazini avèk sekirite, epi ede rebati ekonomi rejyon nou an nan bati sou pwèn fò istorik ak atou nan imaj ak optik.”

Prezidan Enstiti Teknoloji Rochester Dr. Bill Destler te deklare, “Nou aplodi Prezidan Obama ansanm avèk Vis Prezidan Biden paske yo te rekonèt enpòtan stratejik endistri sa a, epi chwazi pwopozisyon Eta New York pou avanse l. Rejyon Rochester a, avèk youn nan pi gwo sant manifakti fotonik nan peyi a, plis sant inivèsitè ki gen renome avèk travay nan mikwo-sistèm, imaj, syans ak anbalaj, pozisyon inikman pou fè gwo kontribisyon nan domèn sa a. Nou remèsye Senatè Schumer ak Gillibrand ansanm avèk Depite Slaughter pou defans ak lidèchip yo nan non aplikasyon nou an, e nou remèsye Gouvènè. Cuomo pou angajman ki enpòtan anpil nan finasman eta ki san dout te jwe yon wòl enpòtan nan ede nou ganye pwopozisyon sa a.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418